

## **TRADHISI ZIARAH NYADRAN PASAREYAN DALEM PARA NATA PAJIMATAN, DESA GIRIREJO, KECAMATAN IMOGLI, KABUPATEN BANTUL**

**Monica Indah Era Pertiwi**  
12205244006

### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika gadhah ancas kange ngandharaken prosesi nyandran makna simbolik saking busana ingkang dipunagem menawi mlebet Pasareyan makna simbolik saking ubarampe sekar saha busana, tujuan nindakaken ziarah nyadran, ugi mangertosi dampak positif nindakaken ziarah nyadran.

Wonten ing panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *kualitatif*. Caranipun ngempalaken data ing salebeting panaliten menika migunaaken *wawancara mendalam, pengamatan berberanserta*, saha *dokumen*. Pirantining kange panaliten menika panaliti kiyambak ingkang kabiyantu mawi piranti perekam,kamera,saha alat kange nyerat. Caranipun ngabsahaken data menika kanthi *triangulasi sumber lan metode*, saha caranipun nganalisis data menika ngangge teknik analisis induktif.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih sejarah mulabukanipun Pasareyan dalem Para Nata ingkang wonten ing bukit merak, mangertosi makna simbolik saking busana lan sekar ingkang dipun ginaaken wonten ing lampahing tradhisi ziarah (nyadran),prosesi ingkang dipun wiwiti saking nyamektaaken cecawis,lan saksampunipun sakmekta sekaripun lajeng dipunbekta kaliyan abdi dalem kange nyekar urut saking raja ingkang kaping pisan mrintah dumugi ingkang pungkasnan mrentah. Saklajengipun dedonga sesarengan. Ancas saking tradhisi menika supados nguwataken kapribaden para pendherek ingkang setya nderek lumampahing tradhisi ziarah menika saha kange memuliakaken para leluhur ingkang sampun mbangun peradaban wonten ing jaman rumiyin.

Pamijining Tembung : *Tradisi, Nyadran, Pasaeryan Dalem*

### **Abstract**

This research is aimed to explain the origin of the tombs of the kings, the process of *Nyadran* pilgrimage tradition, the symbolic meaning of the worn clothes and flowers, and the benefit of this tradition to the society.

The method used in this research was a qualitative method. The data collecting techniques of the research were using an in-depth interview, a participant observation, and documentation. The instrument of the research was the researcher herself assisted with a recorder, a camera, and stationary. The trustworthiness of the data was using triangulation by source and by method. The data analysis technique used in this research was an inductive analysis technique.

The results of the research show that the researcher understands the history of the establishment of the tombs of the kings in Merak hill, the symbolic meaning of the clothes and flowers worn during the *Nyadran* tradition ongoing, and also its

processes starting from (1) the preparation of offerings in the form of setaman flower, (2) the carriage of the flower by Abdi Dalem to Sultan Agung's tomb after the flower has been ready, to (3) the prayer and to *tahlil* (a kind of prayer by reciting certain verses of Holy Quran) together; and that the aim of this tradition is to strengthen the personality of the participants of the tradition and to glorify our ancestors.

Keywords: tradition, *Nyadran*, tombs of the Kings

### A. PURWAKA

Kabudayan menika mujudtaken sedaya *sistem gagasan*, tumindak, saha asil pakaryanipun manungsa ingkang sampun dados gadhahipun masarakat. Kados ingkang dipunandharaken Horingman lumantar Meinarno dkk (2011: 94) bedakaken tigang pratandha kabudayan ingkang saged dipunmangertosi: (1) *ide-ide* tegesipun saged dipunmangertosi saking adat, (2) wonten ing bentuk aktivitas, sistem sosial, ugi babagan pola saking manungsanipun. *Sistem sosial* ingkang saged dipunmangertosi inggih menika aktivitas-aktivitas interaksi manungsa, sami gegayutanipun, ugi pola pergaulan. *Istilah* kabudayan tansah gayut kaliyan wates-wates fisik ingkang cetha, kadosta budaya Jawi ingkang dados tradhisi ingkang gesang ing satunggaling pulau ingkang dipunsebat Jawi. Masarakat Jawi, masarakat ingkang gadhah mapinten-pinten tradhisi saha budaya Jawi. Tradhisi saha budaya Jawi antawisipun papan setunggal dumugi papan sanesipun ugi benten-benten. Bab menika ingkang ndadosaken *ciri khas* saking tradhisi saha budaya wonten tlatah tartamtu. Kabudayan menika minangka warisan leluhur ingkang dados *kearifan lokal*, tegesipun bab ingkang gayut secara *spesifik* kanthi budaya tertamtu ugi paring mangertos pagesanganipun

masarakat tartamtu, pramila tansah dipunlestantunaken amrih boten sirna. Ewah gingsiripun jaman menika ugi saged ndadosaken ewahipun tradhisi saha kabudayan wonten ing masarakat.

Kadosdene tradhisi ziarah ingkang dipuntindakaken dening masarakat Jawi, tradhisi ziarah menika wujud pakurmatan masarakat Jawi dhumateng arwah leluhuripun. Salah satunggaling pasareyan ingkang dipunpitados mbekta berkah inggih menika Pasareyan Dalem Para Nata Imogiri. Pasareyan Dalem Para Nata inggih menika ingkang dados papan pasareyan kangge para Raja utawi Sultan ing tlatah Daerah Iatimewa Yogyakarta. Masarakat wonten ing sakiwa tengenipun asring nyebat papan menika Pajimatan utawi Njimatan.

Tradhisi menika sejatosipun ugi gadhah piwulang ing pagesangan padintenan supados saged gesang wonten ing donya kanthi selaras antawisipun manungsa kaliyan Gusti ingkang Maha Kuwaos, saras saha rahastra. Panaliten ingkang ngrembag babagan ziarah makam Raja-Raja menika dipunkajengaken mugi-mugi saged paring seserepan kawuruh sarta kupiya supados tradhisi menika tetep lestantun, amargi tradhisi menika salah satunggaling wujud tradhisi daerah ingkang dados wujud kabudayan ingkang dipungadhahi dening masarakat Indonesia.

## B. ANDHARAN TEORI

### 1. Kabudayan

Koentjaraningrat (1983:189), manghayakaken bilih kabudayan menika wonten tiga wujudipun. Wujud ingkang sepisan inggih menika wujud kabudayan ingkang dados *kompleks* saking *ide, nilai, norma, gagasan*, saha sanesipun. Wujud kasebut kalebet wujud *ideal* saking kabudayan. *Sifatipun abstrak* boten saged dipunpundhut *gambaré*. Wujud kabudayan ingkang angka kalih inggih menika *sistem sosial*. *Sistem sosial* menika saking *aktivitas* manungsa ingkang gegayutan, saha *sosialisasi* kaliyan tiyang sanes miturut adatipun. Wujud ingkang angka tiga saking kabudayan inggih menika pirantos asil karya manungsa ingkang

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih kabudayan menika minangka asil saking cipta, rasa, saha karsa manungsa ingkang dipunwiwiti kanthi sinau ugi saged mbentuk kesatuan sosial masarakat ing salebeting papan lan wekdal.

### 2. Folklor

*Folklor* jawi inggih menika sedaya karya tradhisi ingkang dipunwarisaken saha wonten ginanpun tumrap masarakat panyengkuyungipun (Endraswara, 2010: 4 ) *folklor* jawi ugi gadhah *variasi* antawis satunggal papan dumugi papan sanesipun. Dumugi sakmenika sejatosipun taksih prelu dipunpadosi menapa kemawon ingkang dados titikanipun *folklor jawi*.

Saking andharan ing nginggil kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih *folklor* menika salah

satunggaling bagian saking kebudayaan ingkang awujud tradhisi *lisan* saha *non lisan* ingkang gadhah varian-varianipun saha penyebaranipun menika cara lisan kanthi wekdal ingkang dangu sarta bentukipun standar satemah dados kagunganipun masarakat bebrayan amargi pangripta ingkang utama menika mboten wonten ingkang mangertos. Folklor ugi boten saged dipunpisahaken kaliyan tradhisi saha gadhah paedah kangge masarakat panyengkuyung ingkang maneka warna kagiyanan wonten ing masarakat. Salah satunggaling kegiyatan Tradhisi kangge masarakat kasebat inggih menika ing wonten ing tradhisi ziarah.

### 3. Tradhisi

Tradhisi utawi adat istiadat ugi dipunsebat adat tata tindakan, miturut Koentjaraningrat lumantar Herusatoto (2008: 164-165) saged dipunperang dados sekawan tingkatan inggih menika : (1)tingkat *nilai* budaya; (2) tingkat norma-norma; (3) tingkat hukum; saha (4) tingkat aturan khusus. Tingkat nilai budaya arupi ide-ide ingkang dados *inspirasi* saha gadhah *nilai* ing pagesangan masarakat, limrahipun ngakar saking *emosional* saha alam jiwa manungsa.

Tradhisi menika diperang dados kalih tradhisi *lisan* saha tradhisi *non lisan*, tradhisi *lisan* menika tradhisi ingkang dipunciptaaken,disebaraken saha dipunwarisaken kanthi cara lesan dene tradhisi *non lisan* menika tradhisi ingkang wujudipun sanes lesan ananging wujud *artefak*.

### 4. Pangertosan Ziarah Nyadran

Salah satunggaling tradhisi masarakat jawi mliginipun masarakat igkang ngrasuk agami Islam ingkang

taksih dipuntindakaken inggih menika tradhisi ziarah pasareyan. Ruslan (2007:6) ngandharaken menawi ziarah inggih menika *aktivitas kunjungan* dhumateng ingkang sampaun pejah, inggih menika tumindak pasareyanipun. Tradhisi ziarah pasareyan kasebat minangka *wasilah* utawi tasawuf . Ruslan (2007:8) ngandharaken bilih “*Kata Tasawuf berasal dari bahasa Arab Asli, Taqqoruh (mendekati yang artinya mendekat kepada yang dituju dan mencapainya dengan keimanan keras.*” Saking andharan wonten ing nginggil menika saged dipunpendet dudutan menawi ziarah pasareyan menika tradhisi sowan wonten ing pasaren ingkang dipunkramataken dening masarakat kanthi ngirim donga saha nindakaken lampah ingkang sampaun dipuntekoaken caranipun.

### C. CARA PANALITEN Jinising Panaliten

Panaliten Tradhisi Ziarah Nyadran Pasareyan Dalem Para Nata Wonten ing Pajimatan, Desa Girirejo, Kecamatan Imogiri, Kabupaten Bantul ngginakaken *metode panaliten kualitatif*. Miturut Moleong (1995:27) panaliten *kualitatif* inggih menika panaliten ingkang dhasaripun wonten ing latar ilmiah minangka keutuhan, ndadosaken manungsa minangka alat panaliten, mupangataken *metode kualitatif*, ngawontenanaken analisis data kanthi cara *induktif*, ngarahaken sasaran panalitenipun tumrap usaha manggih teori saking dhasar, asipat *deskriptif*, langkung meningakken proses tinimbang asilipun, watesipun studi kanthi *fokus*, gadhah seperangkat kriteria kangge mriksa

keabsahan data, rantaman panalitenipun asipat sawetawis wekdal, saha asil panalitenipun dipunsarujuki dening kekalih pihak : panaliti saha *subjek* panaliten.

#### **Setting Panaliten**

Panaliten Tradhisi Ziarah Nyadran dipunadani wonten ing pasareyan raja-raja imogiri. *Setting* panaliten tradhisi Ziarah Nyadran Dalem Para Nata Ing Pajimatan Desa Girirejo, Kecamatan Imogiri, Kabupaten Bantul menika kalampahan ing dinten Kamis, 11 Mei 2016. Sejatosipun pamilihan dinten menika mboten dados perkawis ananging kedhah sakderengipun wulan siam, amargi menawi wulan siam menika mboten angsal menawi badhe ziarah wonten ing pasareyan. Anggenipun nyamektaaken sedaya kabetahan, kadosta sekar,saha menyan,(menawi ngangge menwai mboten ugi mboten menapa-menapa), busana lan sedaya pelakon (Abdi Dalem) ngempal wonten ing Pasareyan.

#### **Data lan Sumbering Data**

Data utama ing panaliten kualitatif ngginakaken data deskriptif ingkang awujud tembung-tembung utawi ukara-ukara ingkang dipunandharaken saking informan. Data ingkang dipunkempalaken wontening panaliten menika awujud tembung-tembung utawi ukara-ukara ingkang gayut kaliyan tradhisi ziarah nyadran ing Pasareyan. Prosesi ziarah nyadran,makna simbolik ubarampe,saha paedahing tradhisi ziarah nyadran menika kangge masarakat saha abdidalem ing Desa Girirejo. Sumber data asalipun saking kedadosan-kedadosn utawi prosesi tradhisi saha wawancara

dhateng informan babagan tradhisi ziarah nyadran ing pasareyan Dalem Para Nata Imogiri.

### **Caranipun Manggihaken Informan**

Caranipun panggih informan inggih menika kanthi teknik *purposive*, inggih menika panaliti nemtoaken piyambak tiyang-tiyang ingkang saged paring data-data (Moleong,2002: 165). Tiyang-tiyang kasebat inggih menika juru kunci pasareyan, saha abdi dalem lan para warga masarakat panyengkuyung ingkang ndherek ugi mangertos kanthi saestu tradhisi ziarah nyadran. Supados panaliten menika pikantuk data ingkang akurat, pramila dipunpanggihaken kanthi migunakken *informan kunci*. *Informan kunci* wonten ing panaliten inggih menika juru kunci pasareyan,lan abdi dalem.

### **Caranipun Ngempalaken Data**

Caranipun ngempalaken data wonten ing panaliten Tradhisi Ziarah Nyadran Pasareyan Dalem Para Nata Imogiri menika kanthi *pengamatan berperanserta*,saha *wawancara mendalam* lan *dokumen*.

#### **1. Pengamatan Berperanserta**

Miturut Moleong (1995: 117) pengamatan berperanserta dhasaripun ngawontenanken pengamatan lan mirengaken kanthi cermat dumugi perkawis ingkang paling alit. Miturut pamanggihipun Bogdan lumantar Moleong (1995: 117) pengamatan berperanserta minangka panaliten ingkang titikanipun interaksi sosial ingkang ambetahaken wekdal ingkang radi dangu antawis panaliti tumrap subjek wonten ing lingkungan subjek,

wonten ing wekdal menika data bentukipun arupi cathetan lapangan dipunkempalaken kanthi cara *sistematis* saha *berlaku tanpa gangguan*.

#### **2. Teknik Wawancara mendalam**

Inggih menika pirembagan antawisipun panaliti saha informan kangge tuker *informasi* saha *ide mawi pitakenan* saha *wangsulan*, satemah saged dipunmangertosi makna satunggaling *topik* ingkang sampun katemtokake.

Pirembagan menika dipuntindakaken kanthi terbuka. Terbuka wonten ing ngriki tegesipun *informan* mangertos bilih panaliti menika nembe pirembagan saha *informan* mangertos ancasipun pirembagan menika mendalam inggih menika kangge madosi data primer maragi panaliti pikantuk data kanthi langsung saking masarakat kanthi cara nyuwun pirsa dhateng tiyang ingkang gegayutan kaliyan perkawis ingkang dipunadhepi, inggih menika makna saimbolik ageman menawi badhe ziarah mlebet pasareyan.

#### **3. Dokumen**

Miturut pamanggihipun Ghony lan Almanshur (2012: 199) dokumen inggih menika cathetan sinerat ingkang gayut kaliya setunggaling prastawa jaman rumiyin, ingkang dereng dipunsamektaaken kangge satunggaling panaliten. Wonten ing pnalitenn, anggenipun pikantuk data boten naming saking manungsanipun piyambak, ananging saged pikantuk dokumen, foto ugi bahan statistik. Wonten ing panaliten Tradhisi Ziarah menika, dokumen ingkang dipunbetahaken biyasanipun dipunsebat dokumentasi utawi film. Wonten ing ilmu sosial, karemenan

tumrap foto minangka data asil panaliten kalebet pangalaman ingkang relatif enggal (Bogdan lan Biklem) lumantar Ghony lan Almanshur (2012: 205).

### 1. Foto temuan

Foto temuan inggih menika foto ingkang sampun wonten ing papan lokasi panaliten, ingkang dipunasilaken dening tiyang sanes secara pribadi utawi seacara melembaga. Kedah dipunmagertosi bilih foto ingkang dipunpanggih utawi ingkang dipunparangi dening tiyang sanes, dipunpendhet kange ancas utawi sudut pandang tertamtu.

### 2. Foto asil panaliti

Foto asil panaliti tegesipun inggih menika foto ingkang saestu dipundamel dening panaliti nalika wonteng ing papan lokasi panaliten, wonten ing salebeting ngrembakanipun teknologi informatika (IT), pangempalan data panaliten kualitatif boten namung arupi foto utawi gambar, sakmenika sampun dipunginaaken dening masarakat umumipun, mliginipun masarakat kitha inggih menika kamera ingkang ndherekaken kanthi monitor. Gambar paling canggih wonten ing mangsa menika.

### Pirantining Panaliten

Wonten ing panaliten kualitatif, manungsa minangka pirantinipun panaliten. Piranti panaliten ingkang utami wonten ing panaliten tradhisi ziarah menika panaliti piyambak. Instrument wonten ing panaliten kualitatif inggih menika ingkang nglampahi panalitenipun, inggih menika panaliti. Panaliti wonten ing panaliten kualitatif inggih menika tiyang ingkang mbikak kunci, menelaah, lan mengeksplorasi sedaya ruang kanthi cermat, tertib, lan

leluasa, ugi wonten ingkang sinebat minangka key instrument.

### Caranipun Nganalisis Data

Analisis data, miturut Patton lumantar Moleong (1995: 103) inggih menika proses ngatur rantamanipun data, mengorganisasikan wonten ing satunggaling pola, kategori, lan satuan uraian dasar. Miturut pamanggihipun Bogdan lan Taylor lumantar Moleong (1995: 103) analisis data minangka proses ingkang merinci usaha secara formal kange manggihaken tema ugi merumuskan hipotesis kadosta ingkang dipunsaruwe dening data lan minangka usaha kange mbiyantu tema lan hipotesis menika

Saking pangertosan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun, nganalisis data inggih menika mengorganisasikan saha ngurutaken data wonten ing salebeting pola, kategori, saha satuan uraian dasar saengga saged pikantuk tema lan saged ngrumusaken hipotesis kerja kadosta ingkang disarankan dening data (Moleong, 1995: 103). Data ingkang sampun dipunkempalaken dipunanalisis kanthi cara induktif lan dipunlampahi nalika ngempalaken data wonten ing lapangan ugi dipunlampahi kanthi cara terus-menerus.

### Caranipun Ngesahaken Data

Ngesahekn data dipunbetahaken kange ngecek kaleresan data ingkang sampun pikantuk wonten panaliten. Kangge ngesahaken data, panaliten menika ngginakaken teknik triangulasi. Teknik Triangulasi inggih menika teknik pemeriksaan keabsahan data ingkang mupangataken sanesipun ing

njawining data menika kangge kabetahan ngecek utawi minangka mbandingaken tumrap data menika (Moleong, 1995: 178). Triangulasi ingkang dipunginakaken ing paneliten menika inggih triangulasi sumber saha triangulasi metode.

#### **D. ASIL PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

##### **Deskripsi Setting Paneliten**

Tradhisni nyadran dipuntindaaken wonten ing Pasareyan Dalem Para Nata Desa Girirejo, Kecamatan Imogiri, Kabupaten Bantul. Desa Girirejo menika desa ingkang mapan wonten ing Kabupaten Bantul. Kangge tumuju ing Desa Girirejo saged ngginaaken kendharaan kadosta motor,mobil lan kendharaan sanesipun.

Wondene wiyaripun Desa Girirejo inggih menika 3.235.495Ha. Desa Girirejo dipun watesi dening tlatah sanesipun inggih menika.

Sisih ler : dipunwatesi dening Desa Wukirsari

Sisih kidul : dipunwatesi dening Desa Karang Tengah

Sisih wetan : dipunwatesi dening Desa Mangunan

Sisih Kilen : dipunwatesi dening Desa Karang Talun

##### **Para Paraga Tradhisi Ziarah Nyadran**

Para paraga tradhisi Ziarah Nyadran inggih menika kasungsun saking para Kaluwarga Kraton Surakarta Hadingrat, Abdi Dalem Pasareyan, Abdi Dalem Kraton tumut lan nyengkuyung nyawisaken sedaya ingkang dipunbetahaken ing acara menika.

Para paraga acara Nyadran menika kanthi pakaryan saha agami

ingkang benten-beten ananging babagan menika boten ndadosaken perkawis, amargi acara ziarah nyadran menika mboten nengenaken pakaryan. Kangge mangertosi kawontenanipun para paraga acara ziarah nyadran babagan pakaryaning warga lan agaminipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

##### **Kependudukan**

Gunggungipun Desa Girirejo wonten 4389, inggih menika tiyang jaler wonten 2.1888 lan tiyang estrinipun 2.201. Nggadahi 1635 KK saengga kirang langkung satunggal keluarga nggadahi sekawan anggota keluarga.

##### **Tingkat Pendidikan**

Tingkat pendidikan warga Desa Girirejo menika kalebet taksih minim sanget utawi taksih rendah, amargi kondisi saking ekonomi saha pemahaman wigatinipun pendidikan taksih kirang, taksih wonten ingkang mboten nerusaken sekolah menengah pertama utawi atas. Bilih dipuntinggali saking data monografi Desa Girirejo gunggungipun ingkang tamat SD 5.320, ingkang tamat SLTP 4.723, ingkang Tamat SLTA 3.325, sanesipun pendidikan umum kados ing nginggil menika warga ugi kathah ingkang wonten madrasah diniyah.

##### **a. Padamelan**

Kawontenan penduduk menawi dipuntinggali saking padamelan menika kangge mangertosi *struktur ekonomi* salah satunggaling daerah. Kanthi cara mekaten saged dipuntinggali jinisipun kegiyatan ekonomi utawi padamelan wonten ing salah satunggaling dhaerah. Wonten ing Desa Girirejo menika

mlebet Desa ingkang wonten ing pinggir wono, pramila kathah warga ngandelaken gesang saking asil pertanian sawah saha perkebunan amargi wontenipun tenaga kerja saking Desa Girirejo menika taksih didominasi lulusan SLTP utawi ingkang sederajat, menika saged wonten pengaruhipun wonten ing kwalitas kerja saha pengalaman ugi penghasilan. Saking menika kathah padelam msarakat Desa Girirejo ingkang dados petani, buruh tani, buruh bangunan,sarta dados buruh wonten ing njawi Desa, kanthi penghasilan ingkang taksih rendah.

#### **b. Sistem Religi**

Warga masarakat Imogiri menika ngrasuk agami trep kaliyan kapitadosan piyambak-piyambak,ananging Mayoritas warga ngrasuk agami Islam, wonten 96,5 % utawi 54 384 ingkang agaminipun Islam lan 3,5 % ngrasuk agami Kristen lan Katolik.

#### **Prosesi Ziarah Tradhisi Nyadran**

##### **a. Cecawis**

Prosesi Sakderengipun Tradhisi Ziarah Nyadran kalampahan ingkang rumiyin dipunwontenaken inggih menika nyamektaaken cecawis, supados lampahing nyadran menika saged kalaksanan kanthi lancar. Cecawis ingkang dipunsamektakaken inggih menika wonten cecawis sekar lan cecawis ubarampe.

##### **1) Cecawis Sekar**

Sakderengipun acara nyadran kawiwitana para Abdi dalem sami nyawisaken sekar setaman kanggeadicara samangke, sajen sekar menika wonten sekawan werni inggih menika melati, mawar, kenanga, lan kanthil. inggih menika melati, mawar, kenanga, lan kanthil.

##### **2) Cecawis Ubarampe (Busana)**

1. Ubarampe wonten ing Tradhisi Ziarah Nyadran Pasareyan Dalem Para Nata Imogiri inggih menika arupi busana, sampun dados aturan menawi badhe mlebet wonten pasareyan menika kedhah ngagem busana ingkang sampun kawit rumiyin dipunagem menawi mlebet Pasareyan. Peziarah Estri Menawi badhe mlebet kedhah ngagem kain kemben lan mboten dipunparengaken ngagem perhiasan

##### **2. Peziarah Kakung**

Menawi badhe mlebet wonten ing pasareyan kedhah ngagem ageman jawa beskap,blangkon,sabuk,timang lan samir.lan mboten ngaggem keris.wonten ing ngandap menika wonten gambar pakean ingkang dipun agem menawi badhe mlebet wonten ing Pasareyan.

#### **b. Lampahing Prosesi Tradhisi Ziarah Nyadran Pasareyan Dalem Para Nata Imogiri.**

Saksampunipun prosesi nyamektaaken cecawis menika kalampahanadicara ingkang saklajengipun inggih menika lampahing Tradhisi Ziarah Nyadran wonten Ing Pasareyan Dalem Para Nata Imogiri. Lampahing Prosesi Nyadran menika kaperang dados tigaadicara, inggih menika dipun wiwiti kanthi nyamektaaken cecawis dumugi pungkasnipunadicara.

##### **1. Nyamektakaken Cecawis.**

Kinten-kinten tabuh 12.30 WIB upacara unjuk uninga dipun wiwiti, para Abdi dalem ingkang nembe tugas wonten ing pasareyan Imogiri

ugi persiapan, sekar melati, mawar kenanga menika dipun samektaaken

## **2. Para Abdi Dalem Mlampah Tumuju Makam Sultan Agung.**

Saksampunipun sekar setaman sampun samekta, lajeng sekar kalawau dipunbekta kaliyan Abdi dalem Purwa Kinanti ngagem busana jawi lengkap mlampah tumuju makam Sultan Agung .

## **3. Dedonga lan Tahlil (Inti Acara).**

Wanci jam 13.00 adicara Nyadran dipun wiwiti GKR Wandasari mlampah wonten barisan ingkang ngajeng kiambak lan para Abdi dalem wonten wingkingipun, pasareyan ingkang sepisan badhe dipun Sekar inggih menika Pasareyan Sultan Agung.

### **Makna Simbolik Ubarampe Ingkang Wonten ing Tradhisi Nyadran.**

Ubarampe ingkang dipunginakaken ing tradhisi Ziarah nyadran menika gadhah makna simbolik ing salebetipun, makna simbolik saben ubarampe menika dipunwujudtaken lumantar simbol-simbol utawi pralambang-pralambang tertamtu. Simbol-simbol menika minangka sarana kangge ngadharaken ancas ingkang dipunkajengaken dening para paraga. Simbol ubarampe kasebat arupi sekar lan busana ingkang dipun agem wonten ing salebeting prosesi . Simbol-simbol kasebat lumantar sekar saha pakean ingkan dipunginakaken ing salebeting ziarah. Anggenipun maknani sekar saha pakean ingkang dipunginaaken ing salebeting ziarah menika adhedhasar asiling wawancara kaliyan para informan, sarta dipunjangkepi kaliyan asiling

panaliten-panaliten ingkang ngrembag babagan makna sesaji awujud sekar ingkang dipunginaaken wonten tradhisi Ziarah kados ing ngandhap menika.

#### a. Sekar setaman

Sekar setaman menika mujudtaken salah satunggaling sesaji tradhisi ziarah, sekar setaman wonten ing sajen menika wujudipun sekar mawar, kenanga, melati, lan kanthil. Makna saking sekar menika supados saged dados pertanda nembe mawon wonten ingkang ziarah nyadran.

#### b. Busana Kemben lan Busana Beskap

Wonten ing awal sampun dipunpratelakken menawi makna busana kemben lan busna beskap menika sampun dados aturan kangge sinten kemawon menawi badhe mlebet wonten Pasareyan kedhah ngagem kemben menawi estri lan menawi kakung ugi kedhah ngagem busana beskap . Kemben lan beskap menika sampun dados aturan kawit rumiyin, maknanipun saking busana igkang dipunagem menika menawi badhe ngadep utawi sowan kedhah ngagem busana ingkang rapi lan trep kaliyan aturan saha menawi eserti imboten dipunparengaken ngangge perhiasan emas.

### **Paedah Lan Ancas Tradhisi Ziarah.**

Tradhisi Ziarah Pasareyan Dalem Para Nata ing Pajimatan Desa Girirejo Kecamatan Imogiri Kabupaten Bantul menika taksih eksis dipuntindaaken dening warga saking sakiwatenngenipun ugi panyengkuyungipun. Pramila paedahipun saking Tradhisi Ziarah Pasaerayan Dalem Para Nata menika dipunadharaken kados menika.

### **1) Paedah Tradhisi**

Lumampahing Tradhisi Ziarah Pasareyan Dalem Para Nata minangka sarana kange nglestantunaken tradhisi tilaranipun para leluhur ,paedah menika gayut kaliyan kupyia njagi dhateng lestantunipun tradhisi ingkang sampun turun temurun saking para leluhur lan taksih dipuntindakaken masarakat panyengkuyungipun.

### **2) Paedah Spiritual**

Paedah spiritual gayut kaliyan wujud raos syukur warga masarakat lan taqwa dhumateng Gusti. Upacara menika minangka sarana dedonga dhumateng Gusti supados warga masarakat tansah pikantuk kawilujengan, kemakmuran, lan katentreman. Upacara menika kange pakurmatan dhumateng leluhur ingkang sampun turut mbangun negari. Upacara tradhisi menika minangka sarana ndedonga dhumateng Gusti ingkang maha kuwaos supados masarakat sedayanipun pikantuk keslametan, kemakmuran, lan dipuntebihaken saking bebaya wonten ing gesangipun. Upacara menika ugi kange pengeget manungsa dhumateng Gusti, tegesipun wujud raos syukur manungsa dhumateng Gusti Allah.

Pakurmatan dhateng para leluhur mujudtaken saben warsa kedah ngawontenanken upacara tradhisi menika.

### **3) Paedah sosial**

Upacara tradhisi menika gadhah Paedah sosial supados pasedherekan para abdi dalem saha keluarga Keraton Surakarta langkung rumaket amargi wonten nilai-nilai gotong royong lan guyub rukun. Upacara menika ugi kange njagi supados

saestu,sabar, lan tliti anggenipun nglmpahi gesang bebrayan. Paedah sosial mujudtaken paedah kangge wonten gayutipun kaliyan sesambutan antawisipun para abdi dalem satunggal lan sanesipun. Wontennipun upacara tradhisi menika supados pasedherekan antawis abdi dalem sanesipun langkung rumaket. Amargi anggenipun lampahing upacara anggenipun nyamektakaken cecawis upacara tradhisi menika tansah guyup rukun nyengkuyung adicara.

### **4) Paedah Kabudayan**

Upacara tradhisi menika gadhah paedah kabudyaan Ingghih menika kange nguri- uri kabudayan lan nglestantunaken budaya jawi bab upacara tradhisi mliginipun Ziarah nyadran pasareyan ingkang dipunwarisaken leluhur jaman rumuyin kanthi cara turun temurun. Ngawontenaken upacara menika wonten paedah kabudayan ingghih menika kange nglestantunaken budaya jawi bab upacara tradhisi mliginipun upacara tradhisi ziarah nyadran. Ugi kange nglestantunaken perangan saking lampahing upacara tradhisi menika.

### **5) Paedah Ekonomi**

Paedah ekonomi ingghih menika mujudtaken paedah kange sarana sadean tumrap saperangan warga ingkang manggen wonten ing sakiwa tengenipun makam supados saged nambah ekonomi keluarga. Saking acara tradhisi menika mboten namung warga sakiwatengenipun pasareyan ingkang sadean ananging ugi wonten saking warga dhusun sanes.

#### **1. Ancas Tradhisi**

Ancas saking tradhisi ziarah nyadran saking Krtaon Surakarta Hadiningrat inggih

1. Kangge memuliakaken para leluhur ingkang sampun mbangun peradaban wonten ing jaman rumiyin.
2. Tradhisi nyadran ingkang dipuntindakaken Kraton Kasultanan Surakarta Hadiningrat saged nguwataken kapribaden para pendherek ingkan setya nderek lumampahipun acara ziarah nyadran menika.
3. Para Abdi Dalem ingkang tansah siyaga, sawega ing dhiri saestu ngraosaken kekiyatana rohani, angsal berkah ingkang arupi katrenteman lahir saha batin.

Jasa lan perjunagannipun para leluhur Mataram sakestunipun kalaresan saking cita-cita karajaan Majapahit. Demak Bintoro lan Kasultanan Pajang. Sipat mulia menika kedhipun diwarisaken lan dipunlestatntunaken kanthi cara nak tumanak run tumurun.

#### E. Dudutan

Adhedasar asil panaliten ingkang sampun dipuntindakaken ngengenggi perkawis kajian Tradhisi Ziarah Nyadran Pasareyan Dalem Para Nata Imogiri ing Desa Girirejo, Kecamatan Imogiri, Kabupaten Bantul, pramila saged dipunpendhet dudutanipun kados menika.

Tradhisi ziarah Nyadran Pasareyan Dalem Para Nata imogiri menika acara ingkang kawontenan rutin ingkang wekdalipun ing wulan Ruwah, tradhisi nyadran utawi ziarah menika kangge ngemutaken menawi rumiyin nate wonten Raja ingkang

ageng, raja ingkang nggadahi sifat arif, lan bijaksana inggih menika Kanjeng Sultan Agung Prabu Hanyakrakusuma utawi langkung asring dipun kenal Sultan Agung. Sultan Agung menika Raja Mataram ingkang kaping tiga, ingkang dinobataken dados raja Mataram Tahun 1613.

#### Cak-cakanipun Damel

Panaliten Tradhisi Ziarah nyadran Pasareyan Dalem Para Nata Pajimatan, Kecamatan Imogiri Kabupaten Bantul menika kangge ngandaraken tradhisi saha tatacara nyadran, makna simbolik saha ancasipun tradhisi ziarah menika tumrap masarakat saha abdi dalem. Panaliten menika saged dipunginaaken minangka acuan wonten ing pendidikan kabudayan. Wontenipunn tradhisi Ziarah Pasareyan ingkang taksih dipuntindakaken dumugi sakmenika tamtu ngemot paedah-paedah, pramila taksih lestantun wonten ing Kecamatan Imogiri,Kabupaten Bantul.

#### F. Pamrayogi

Panaliten Tradhisi Ziarah wonten ing Pasareyan Dalem Paranata menika dede bagian ingkang pungkasen wonten ing bab panaliten kabudayan wonten ing Pasareyan Imogiri, ananging taksih kathah ingkang perlu dipuntliti malih inggih menika kadosta fungsi lan mitos- mitos tradhisi ingkang sanesipun ingkang wonten ing Pasareyan Imogiri. Wonten ing proses mendet data panaliti ninggal satunggal situs peninggalan Sultan Agung ingkang kirang terawat, inggih menika sumber mata air

bengkung. Petilasan Sultan Agung menawi nembe mertapa sareng kaliyan abdi kinasihipun Kyai Cinde Amoh.

Mugi-mugi saking wontene panaliten menika saged ndadosaken pamrayogi kangge pamerintah Bantul Supados saged mendet tindakan kangge saged gatosaken supados tetep terawat,Peninggalan situs Petilasan Sultan Agung.

## KAPUSTAKAN

- Moleong. *Metodologi Penelitian Kualitatif.* Bandung. PT Remaja Erosdakarya.
- Meinanrno, Edkk.2011.*Manusia dalam Kebudayaan dan Masyarakat.* Jakarta: Salemba Humanika
- Endraswara, S. 2010. *Folklor Jawa Macam,Bentuk,dan Nilainya.* Jakarta: penaku
- Danandjaja. 1984. *Folklor Indonesia.* Jakarta: Pustaka Grafitipers
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan, Mentalitas, dan Pembangunan.* Jakarta: PT Gramedia
- Ghony, Almanshur. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif.* Jogjakarta: Ar-Ruzz Media
- Mulyana.2013.*Metodologi Penelitian Kualitatif.* Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Purwadi. 2012. *Folklor Jawa.* Yogyakarta: Pura Pustaka
- Bugin. 2007. *Metodologi Penelitianj Kualitatif.* Jakarta: PT Rajargafindo Persada
- Suharsaputra. 2014. Metode Penelitian Kuantitatif,Kualitatif, dan Tindakan Bandung: PT Refika Aditama
- Hambali, Hasan. 1985. *Upacara Tradisi yang Berkaitan Dengan Peristiwa Alam dan Kepercayaan Daerah Sumatra Selatan.* Jakarta: Depdikbud.
- Mumfangati, Titi. 2007. "Tradisi Ziarah Makam Leluhur Pada Masyarakat Jawa". *Jantra Jurnal Sejarah dan Budaya* Vol. II, No. 3, Juni 2007: Hlm 152-15
- Maliky Nurokhim. *Unsur Religi Dlam Tradhisi Nguras Enceh di Imogiri.* Skripsi. FBS